# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–09 अक्टूबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बिहने से तीनि दिन ले गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर में अनुस्ठान अउर आराधना में लीन रहिहें। बिहने संझा यानी अस्टिमी के श्री योगी गोरक्षपीठ क पारम्परिक निशा पूजा में सामिल होइहें जबकि सुक्क के नवमी तिथि पर उनके ओरि से कन्या पूजन क अनुस्ठान कइल जाई। नवरातर क पूरा भइले के बाद दसहरा के दिन्ने गुरू गोरक्षनाथ क बिसिस्ट पूजा कइ के गोरक्षपीठाधीस्वर, गोरखनाथ मंदिर से निकरे वाला विजयादसमी सोभा जतरा क अगुवाई करिहें।

शारदीय नवरातर के प्रतिपदा के गोरक्षपीठाधीस्वर, गोरखनाथ मंदिर क सक्तिपीठ में कलस स्थापना कइलें रहलें। एकरे बाद नियमित नवरातर पूजन क अनुस्ठान उनकर प्रतिनिधि के रूप में गोरखनाथ मंदिर क प्रधान पुजारी योगी कमलनाथ के ओरि से कइल जा रहल हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ चकबंदी लेखपालन के दीपावली क बड़हन तोहफा दिहले हवें। उहां के आठ सालि बाद प्रदेस क प्रतिक्षारत चकबंदी लेखपालन के परमोसन दिहले हईं। प्रदेस के अड़सठ जिलन क सात सौ अट्ठाइस चकबंदी लेखपालन के चकबंदीकर्ता–कानूनगो के पद पर परमोसन कइल गइल हौ। येह पहल से प्रदेस के किसानन क जमीनि से जुड़ल बिबादन के निपटारो में तेजी आई। ओहीं, राज्य क कृषि क्षेत्र समृद्ध होई अउर किसानन के जिनगी में खुसहाली आई। चकबंदी आयुक्त भानु चन्द्र गोस्वामी बतवलें कि दुइ हजार सोरह से प्रदेस के कई जिलन में कानूनगो क कई पद खाली चलत रहे।

**********

सुल्तानपुर क एमपी–एमएलए कोर्ट में आजु नेता प्रतिपक्ष  अउर रायबरेली क सांसद राहुल गांधी के ओरि से गृह मंत्री अमित शाह के मानहानि मामिला में सुनवाई भइल। येह मौका पर वादी भाजपा नेता विजय मिश्रा के ओरि से साक्ष्य पेस कइल गइल, उनकर कोर्ट में बेयान भइल। राहुल गांधी क ओकील काशी शुक्ला उनसे कई गो सवालो कइलें। ओहीं, वादी क ओकील संतोष पांडे आपेक्षित साक्ष्य क सीडी आजु पेस कइ दिहले हवें, अब कोर्ट सतरह अक्टूबर के सुनवाई क अगिला तारीख तय कइले हौ।

**********

समाजवादी पारटी के राष्ट्रीय अध्यक्ष अखिलेश यादव उत्तर प्रदेस के दस विधानसभा सीटिनि पर होखे वाला उपचुनाव में आजु छौ सीटिनि पर ओम्मेदवारन क घोसणा कइ दिहले हवें। सपा अध्यक्ष अपने गढ़ क करहल सीटि  पर तेज प्रताप यादव अउर अजोध्या क मिल्कीपुर से अजोध्या से सांसद अवधेश प्रसाद क बेटा अजीत प्रसाद के टिकट दे के चुनाव मैदान में उतरले हौ। येही तरियन कानपुर क सीसामऊ सीटि पर नसीम सोलंकी, प्रयागराज क फूलपुर सीअि से मुस्तफा सिद्दीकी, कटेहरी विधानसभा सीटि पर शोभावती वर्मा अउर मझवां सीटि से ज्योति बिंद के ओम्मेदवार घोसित कइले हवें।

**********

पुरहर पोषण सहायता सुनिश्चित कइले अउर टीबी से जुड़ल बेमारी अउर मृत्यु दर के कम कइले के उद्देस्य से सरकार निक्षय पोषण योजना– एनपीवाई के जरिया से पोसण सहायता क रासि के पांच सौ रूपिया से बढ़ा के एक हजार रूपिया हर महिन्ना कइ दिहले हवे। एकर फायदा सज्जो नया अउर पुरान मरीजन के मिली।

बनारस क मुख्य चिकित्सा अधिकारी डॉक्टर संदीप चौधरी बतवलें कि ई बढ़ोत्तरी एक नवम्बर दुइ हजार चउबीस से लागू हो जाई अउर सज्जो नया लाभारथियन के साथे–साथे प्रभावी तारीख के बाद मिले वाला लाभो पर लागू रही। उहां के कहलीं कि जिला में कुलि सात हजार पांच सौ चउबीस मरीजन क इलाज चलि रहल हौ।

**********

निषाद पारटी क राष्ट्रीय अध्यक्ष अउर उत्तर प्रदेस सरकार में कैबिनेट मंत्री डॉक्टर संजय निषाद आजु रायबरेली जिला में करहिया बजारि के लग्गे सड़कि हादसा में घाही हो गइलें। उन्हें इलाज बदे एहवा क मेडिकल कॉलेज लावल गइल। डॉक्टर लोगि इलाज के बाद उन्हें डिस्चार्ज करत आराम क सलाहि दिहले हवें।

**********

नवरातर क आजु सतवां दिन हौ अउर येह दिन्ने मां दुर्गा क सतवां स्वरूप माता कालरात्रि क पूजा–अर्चना कइल जाला। काशी के मंदिरन में माता कालरात्रि के दरसन बदे ढेरि संख्या में सरधालु उमड़ल हवें। माता कालरात्रि क सुभंकरी महायोगीश्वरी अउर महायोगिनी कइल जाला। माता कालरात्रि क विधिवत पूजा–अर्चना अउर उपास कइले से माता अपने भक्तन क सज्जो बुरा सक्ति अउर काल से बचावेलिनि। माता क पूजा कइले के बाद भक्तन के अकाल मउति क भय नाहीं होला।

**********

प्रदेस सरकार क मिशन शक्ति फेज–पांच अभियान में प्रदेस भर में जागरूकता कार्यक्रमन क आयोजन कइल जा रहल हौ। कुशीनगर में आजु एन्टी रोमियो टीमि की ओरि से महिला अउर बालिका लोगिन क चौपाल, पुलिस क पाठसाला के सथहीं कई गो कार्यक्रम के जरिया से नारी सुरक्षा, नारी स्वावलम्बन अउर नारी सम्मान बदे खास अभियान चला के जागरूक कइल गइल। येही क्रम में कौशाम्बी में कस्तूरबा आवासीय विद्यालय कसिया क छात्रा कोमल के आजु एक दिन क अपर सिक्षा अधिकारी बनावल गइल। येह दौरान अपर सिक्षाधिकारी कई सिक्षकन के सिकाइतिनि क निपटारा कइलिनि। ओहर फर्रूखाबाद में कक्षा इग्यारह क छात्रा के एक दिन क एसपी बनावल गइल। छात्रा एसपी कार्यालय में बइठि के जनता क समेस्या सुनलिनि। येही तरियन मऊ, भदोही, अमरोहो में कार्यक्रम आयोजित कइल गइल।

**********